

LEKÒL PIBLIK BOSTON YO
PLAN AMELYORASYON NAN SISTÈM NAN
POU YON MIZANNÈV IMEDYA

The Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (DESE) te pibliye yon rapò sou revizyon distri Lekòl Piblik Boston yo (BPS) nan Me 2022, ki fè swit ak rapò avan ki pibliye nan Mas 2020. Jan li dekri nan rapò swivi a, DESE ap itilize rapò revizyon distri yo pou soutni distri lekòl lokal yo nan etabli oubyen ranfòse yon peryòd amelyorasyon kontini. Revizyon distri yo idantifye sistèm ak pratik ki kapab antrave amelyorasyon konsa pou sa yo ki pi pwobab pou kontribiye ak rezilta pozitif yo. Anplis pou bay enfòmasyon ak chak distri ki revize, DESE ap itilize rapò sou revizyon yo pou idantifye divès resous ak/oubyen asistans teknik pou founi yo bay distri a.

Pandan ke rapò revizyon distri Me 2022 a remake BPS te fè pwogrè depi mwa Mas 2020, prensipal konklizyon yo gen ladan yo divès defi enpòtan ak pèsistan nan BPS. Vil Boston ak BPS dakò ke mezi ijan dwe pran pou abòde defi long dat yo BPS ap konfwonte ak yo. Se pou yo atake anplis imedyatman obstak sistemik ak opòtinite edikatif yo, pou ranfòse kapasite operasyonèl la, pou mete an èv yon chanjman sistemik ak pou ede elèv ki pi vilnerab Boston yo, ki gen ladan yo elèv ki andikape yo ak aprenan anglè yo, pou reyalize tout potansyèl pa yo.

Majistra Michelle Wu, Sirentandan Brenda Cassellius, ak Prezidan Komite Lekòl Boston nan Geraldine Robinson nan non Vil Boston ak Lekòl Piblik Boston yo dakò pou pran divès mezi korektif ijan pou reponn imedyatman ak preyokipasyon ki idantifye nan rapò revizyon distri swivi BPS 2022 a. DESE pral founi yon sipò finansye sible ak BPS pou travay ki dekri nan Plan Amelyorasyon Sistemik la, konsa tou yon asistans teknik, jan sa prevwa nan lèt jwent nan Anèks B a.

Vil Boston nan ak BPS dakò pou antreprann inisyativ ki dekri anba yo ak pou yo se responsab atent objektif espesifik epi ki idantifye selon yon kalandriye klè, ak pou angaje avèk elèv yo, fanmi yo, edikatè yo, ak manm kominote yo pou elabore politik yo ak pwogrè rapò yo. Angajman Vil ak BPS nan kad Plan Amelyorasyon Sistemik sa pral kontinye jiska 30 Jen 2025 pou pèmèt mizannèv konplè mezi ki dekri anba yo. Travay ki vize pou fè avanse angajman ki dekri isi yo pral kòmanse imedyatman epi pral kontinye aprè rekritman nouvo Sirentandan Lekòl Piblik Boston yo ak fòmasyon yon Kabinè pou Timoun Vil Boston yo, kote Majistra ak Sirentandan ap prezide.

Angajman Vil Boston ak BPS yo:

Sekirite Elèv yo

Soutni byennèt fizik, sosyal, ak emosyonèl elèv yo ak asire yon anviwònman lekòl sen.

- Avan Out 15 2022, kòmanse ap itilize yon sistèm amelyore, wobis pou jere, reponn ak rezoud divès plent ki soti bò kote paran yo ak responsab yo.
- Reponn nan yon tan apwopriye ak plent yo resevwa apati sistèm Rezolisyon Pwoblèm nan (PRS), ki gen ladan l'alegasyon kont entimidasyon yo, jan sa endike nan Gid Pwosedè Plent yo.
- Avan 15 Out 2022, kòmande yon odit endepandan sekirite elèv yo ak pèsònèl la pou evalye pwotokòl sekirite yo nan lekòl yo epi fè divès rekòmandasyon pou asire divès anviwònman aprantisaj sen pou tout elèv yo nan Distri a, ki gen ladan yo yon evalyasyon kowòdinasyon ak komunikasyon ant BPS ak BPD. Odit la pral rive fèt pa yon endividi oubyen yon antite ki nan yon akò komen ant Boston/BPS ak DESE.
- Avan 8 Septanm 2022, rekrute yon Kowòdonatè Rezolisyon Pwoblèm ki pral asire yon ankèt kowòdone distri a ak lekòl la ak yon repons ak tout plent ki resevwa atravè Sistèm Rezolisyon Pwoblèm yo. Pòs sa pral dedye pou abòde plent PRS yo ak plent BPS ap resevwa yo.

Edikasyon Espesyal

Antreprann yon rekonsepsyon an pwofondè sèvis edikasyon espesyal BPS yo, avèk politik yo, pwosedi yo, ak fòmasyon yo pou asire ke tout elèv yo ap aprann nan anviwònman ki mwens restriktif la, ak pou tout elèv yo, kèlkeswa estati andikap yo, jwenn sèvis yo bezwen yo. Bati divès opsyon pou elèv yo nan anviwònman ki mwens restriktif la dwe se fondasyon edikasyon espesyal la nan chak lekòl. BPS angaje li pou aplike divès pratik enklizyon ki atake dirèkteman ak plasman dispwopòsyone elèv koulè yo ki nan pwogram ki sibstansyèlman separe yo.

- Avan 15 Out 2022, angaje yon antite oubyen yon ekip endividi ki gen yon akò komen avèk Boston/BPS ak DESE ki te fè prèv pa yo nan travay la nan distri lekòl nan vil yo epi ki pral travay avèk yon santiman ijans pou amelyore sèvis edikasyon espesyal yo. Antite a oubyen ekip la pral reyini avèk Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal yo ansanm ak lòt entèvenan yo, epi pral fè yon ansanm rekòmandasyon pou Sirentandan.
- Avan 15 Out 2022, BPS pral ofri DESE plan li a sou kòman distri a pral akonpli travay ki dekri nan seksyon sa jiskaske pòs direksyon senyò yo rive ranpli.
- Avan 15 Out 2022, elabore yon manyèl politik ak pwosedi mizajou sou edikasyon espesyal la. BPS pral fòme pèsonèl la sou mizannèw efikas politik yo ak pwosedi yo nan kad devlopman pwofesyonèl ki founi nan kòmansman ane lekòl 2022-2023 a.
- Soti 15 Out 2022 jiska 30 Jen 2023, angaje yon gwoup Travay nan McKinley Schools ki pral gen ladan yo direktè an chèf McKinley Schools yo; yon manm Komite Lekòl Boston yo, ke prezidan chwazi; ak yon reprezantan ki soti nan chak sa ki swiv yo: DESE, SpEdPAC, Boston Teachers Union, ak Konsèy Paran Lekòl la. Prezidan Gwoup Travay la pral rive chwazi konjwentman pa Sirentandan ak DESE. Gwoup Travay la pral gwen responsabilite pou mete an èv rekòmandasyon ekip entèvansyon McKinley Schools la epi gide faz Evalyasyon Bezwen renovasyon batiman yo ki pwopoze nan Plan Kapital Ane Fiskal 23-27 vil la.
- Avan 15 Oktòb 2022, Sirentandan pral pibliye nouvo pòs yo pou yon ekip lidèchip senyò avèk ekspètiz demontre nan edikasyon espesyal ak chanjman sistèm yo nan edikasyon vil la.
- Avan 16 Novanm 2022 a, Sirentandan pral fè yon rapò piblik pou Komite Lekòl Boston nan sou rekòmandasyon yon akò komen anba antite a oubyen ekip ki ap konseye Sirentandan.
- Avan 1ye Novanm 2022, pibliye ak kòmanse mizannèw yon politik enklizyon nan echèl distri a pou asire ke elèv yo jwenn edikasyon nan anviwònman mwens restriktif epi ke genyen yon kontinyòm sèvis konplè ki disponib pou tout elèv yo. Politik sa pral gen ladan l divès objektif akoutèm ak yon kalandriye mizannèw, nan abòde divès chanjman operasyonèl Biwo Santral la, ki gen ladan l pwosesis enskripsyon yo ak bidjè yo, divès modèl espesifik pou yon edikasyon wot kalite ak enklizif, ak devlopman pwofesyonèl ak fòmasyon pèsonèl la. Pou mete an èv politik la avèk efikasite, distri a pral finalize yon plan enklizyon pou tout lekòl ki baze sou yon angajman kominotè solid. Politik la pral pase soti nan yon definisyon enklizyon baze sou minit yo a yon definisyon baze sou pousantaj la epi pral entegre divès modèl pou elaji yon jan konsiderab enklizyon pasyèl la epi reponn ak bezwen konplèks yo.

Transpò

Kreye yon sistèm transpò lekòl ki sen, efikas, ak adapte, avèk divès refòm imedya pou amelyore to arive bis lekòl yo alè epi elimine sikwi bis ki pa kouvri yo (sa vle di, sikwi bis ki pwograme men ki pa fonksyone yo).

- Kòmanse imedyatman mete an èv refòm operasyonèl ki negosye ant BPS ak sendika chofè bis lekòl la, ki ratifye pa sendika a nan dat 24 Me 2022, pou amelyore rive yo alè epi elimine sikwi bis ki pa kouvri yo.
- Atenn yon to rive alè bis lekòl yo nan echèl distri a 95% oubyen pi byen chak mwa. To rive alè a

gen ladan l tout sikwi bis ki pwograme yo.

- Asire 99% bis lekòl BPS yo pral rive nan lekòl la nan espas 15 minit kòmansman jounen lekòl la .
- Sinyale to rive alè nan DESE chak mwa, kòmansman nan mwa Out 2022 (nan objektif pou jwenn enfòmasyon sou tout sikwi bis yo, ki gen ladan yo sikwi bis lekòl edikasyon espesyal ki apwouve yo, sikwi bis lekòl a chat yo ak tout sikwi ki pa kouvri yo).
- Avan 15 Out 2022, lanse yon evalyasyon dyagnostik sistèm transpò BPS aktyèl nan objektif pou analize efikasite, pèfòmans, ekite, ak kou. Dyagnostik la ta dwe pwodwi divès rekòmasyon pou planifikasyon ak optimizasyon sikwi yo ak orè yo menm jan pou paramèt sèvis ki mizajou yo.

Enstalasyon yo

Founi divès anviwònman ki akeyan, san danje, sen, ekoenèjetik, ak enspiran pou elèv yo ak edikatè yo ki apwopriye ak ansèyman e ak aprantisaj.

- Avan 15 Out 2022, itilizasyon nouvo Tablodebò Batiman distri a, gen ladan l mizajou kontini yo, pou egzamine tout enstalasyon douch lekòl yo epi mete an èv yon plan nan echèl distri a pou renovasyon nesèsè yo. BPS pral renove enstalasyon pou elèv yo nan omwen 15 lekòl nan Ane Fiskal 2023. Chwa lekòl yo pral rive gide selon bezwen elèv yo epi pral chache evite pètibe lòt pwojè konstriksyon ki ankou yo. Renovasyon konsa yo pral anba enspeksyon DESE.
- Avan 1ye Oktòb 2022, itilizasyon Tablodebò Batiman an pou kreye ak mete an èv yon plan mentnans prevantif/diferan koyeran.
- Avan 31 Desanm 2023, kreye ak mete an èv yon plan direktè konplè alontèm divès enstalasyon, ki entegre rekòmasyon Evalyasyon eta Enstalasyon yo, ki ta dwe fini avan kòmansman Ane Lekòl 2023-2024 la.

Aprenan Anglè yo

Founi sèvis wot kalite ak tout aprenan anglè yo, an patikilye aprenan anglè ki andikape yo, ki gen ladan l divès pwogram ak rigè, epi ki adapte ak laj, pwogram anrichisman, ak aksè ak divès kou avanse e ak divès pwogram bileng.

- Avan 15 Out 2022, elabore yon sistèm pou asire ke tout aprenan anglè yo, ki gen ladan yo aprenan anglè ki andikape yo, ap resevwa tout ansèyman apwopriye ak aksè apwopriye ak ansèyman kontni nivo klas la. Sa dwe gen ladan l yon pwosesis pou sipèvize kalite ESL ak ansèyman kontni pou aprenan anglè yo, aksè ak divès modèl pwogram (SEI, langaj bileng, nouvo veni yo, elatriye).
- Avan 15 Out 2022, fini ak Plan Estratejik la pou Aprenan Miltileng yo ki dekri etap pou elaji aksè ak ansèyman e ak literasi nan lang matènèl la, ki gen ladan yo pou elèv andikape yo epi prezante Plan ak Boston School Committee nan dèke posib pandan peryòd ane lekòl 2022-2023, men pa pi ta pase 12 Oktòb 2022. Plan an pral gen ladan l divès etap aksyon espesifik ki lye ak pwogram bileng yo, bileng yo ak lang orijin yo, Imèsyon nan Anglè Pwoteje, ak nan pwogramasyon Anglè kòm Dezyèm Lang.
- Sinyale nivo konfòmite akò siksesè Vil la avèk Depatman Jistis Amerikèn nan.

Lekòl Transfòmasyon yo

Amelyore ansèyman ak aprantisaj nan lekòl ki mwens pèfòman BPS yo (gade lis Lekòl Transfòmasyon yo nan Anèks A).

- Avan 1ye Desanm 2022, pwodwi yon analiz ekite sou finansman lekòl Transfòmasyon Pa Rapò ak lekòl non Transfòmasyon ki gen tay ak pwogramasyon ki sanble epi ak tout lekòl BPS yo, epi mete an èv yon plan pou finanse ekitableman lekòl ki gen pèfòmans pi fèb yo kòmansman nan Ane

Fiskal 2024.

- Avan 1ye Oktòb 2022, regwoupe kantite plan ki rekòmande pou lekòl Transfòmasyon an yon plan Lekòl Kalite ki atikile, klèman, solid ak Fonde sou divès prèv pou amelyorasyon chak lekòl.
- Bay divès enfòmasyon chak trimès ak Komite Lekòl la e ak DESE sou fason Distri a ap soutni devlopman, mizannè, ak siveyans pwogrè Plan Lekòl Kalite yo nan chak Lekòl Transfòmasyon.

Done yo

Mete an plas sistèm ki nesèsè yo ak divès kontwol entèn nan biwo santral la ak nivo lekòl yo pou asire transparans ak prezizyon rapò done yo.

- Avan 15 Out 2022, DESE pral rekrute yon oditè endepandan pou analize done BPS yo sou yon baz regilye, ki pral dispoze yon espas nan BPS epi pral resevwa yon aksè konplè pou tout done BPS yo nan tout fonksyon akademik yo ak fonksyon operasyonèl yo. Etandi ki otorize pou aksè oditè a ak done yo pral gen ladan l tout done sous yo ak pyès jistifikatif ki lye ak done sètifye pa BPS ak DESE. Apa de tout done sous yo ak pyès jistifikatif ki lye ak sèvis transpò yo, ak enstalasyon yo, devwa elèv yo, e ak plent entèn BPS yo konsènan sekirite ak entimidasyon elèv yo pral rive pran an kont nan kad aksè ki founi ak oditè done yo. Aksè adisyonèl ak done ki mande pa oditè done yo andeyò de zòn sa yo pral detèmine konjwentman pa DESE ak BPS; dispozisyon sa, sepandan, pa modifiye obligasyon BPS pou reponn nan tan apwopriye ak demann done yo, dokimantasyon, ak lòt enfòmasyon DESE ki fèt nan kou nòminal (pa egzansp, demann Biwo Ankèt sou Pratik Pwofesyonèl DESE yo, Sistèm Rezolisyon Pwoblèm, elatriye.). Oditè endepandan sa pral reyini regilyèman konjwentman avèk DESE, Vil la ak BPS, ak egzamen ak analiz oditè a pral rive mete ak dispozisyon Vil la, BPS ak DESE.
- Avan 8 Septanm 2022, pibliye divès pwosedi revize retrè elèv yo ki dekri kontwol espesifik yo ki pral rive anplas nan mitan biwo santral la ak tout lekòl yo pou asire ke done Eta yo konsènan egzijans obtansyon diplom yo ak abandon rive satisfè yon jan apwopriye ak presi. Avan pou pibliye pwosedi retrè ki revize yo, BPS pral founi yo ak DESE pou revizyon. BPS pral fòme pèsonèl konsène a, tankou konseye oryantasyon yo ak lidè lekòl yo sou mizannè efikas politik yo ak pwosedi retrè elèv yo nan kad devlopman pwofesyonèl ki founi nan kòmansman ane lekòl 2022-2023 a.
- Avan 1ye Oktòb 2022, lanse yon Gwoup Travay Done avèk manm distri yo, lekòl la, ak divès ekspè ki nome apati de yon lis kandida ki aseptab konjwentman pa Sirentandan ak Komisè ak Ansèyman Primè ak Segondè, sof nan ka kote prezidan Gwoup Travay sou Done yo pral rive seleksyone eksklizivman pa DESE. Gwoup Travay sou Done yo pral gen ladan yo yon reprezantan DESE, epi pral gen pou responsabilite siveye kalite done yo epi sinyale pwosedi retrè yo, to gradiyasyon yo, rive alè yo ak lòt mezi prensipal ki pou idantifye.
- Avan Fevriye 2023, oditè endepandan pral pataje analiz li a ak rekòmandasyon pa li yo avèk Vil la, BPS ak DESE yon jan pou Boston kapab detèmine ki resous alontèm ki nesèsè pou kenbe divès pratik amelyore kalite done yo nan ansanm sistèm nan epi entegre investisman ki nesèsè nan bidjè Ane Fiskal 2024 la.

Responsabilite

Etabli divès mezi responsabilizasyon amelyore.

- Majistra Wu, Vil Boston ak BPS pral fè divès rapò regilye sou kesyon ki enonse nan Plan Amelyorasyon Sistemik sa pou Boston School Committee nan, ak komite Boston nan. Premye rapò regilye a pral fèt avan 13 Out 2022.
- Vil Boston nan, BPS ak DESE pral angaje nan yon pwosesis kolaborasyon pou defini tout mezi rezilta adisyonèl pou plan amelyorasyon sistemik la.
- Majistra Vil Boston nan, Prezidan Komite Lekòl BPS la, Sirentandan BPS la ak Komisè

Ansèyman Primè ak Segondè, oubyen delege pa yo, pral rankontre chak mwa pandan premye ane plan sa ak chak de (2) mwa pandan ane ki swiv yo pou diskite sou inisyativ ki an priyorite yo.

- BPS pral kontinye travay an kolaborasyon avèk DESE pou devlope yon Sistèm Jesyon Pèfòmans pou tout lekòl BPS yo.

AN TEMWANYAJ AK SA, Majistra a, Prezidan Komite Lekòl la, ak Sirentandan egzekite Plan Amelyorasyon Sistemik sa sou sele.

Onorab Michelle Wu
Majistra, Vil Boston

Dat: _____

Jeri Robinson
Prezidan, Boston School Committee

Dat: _____

Brenda Cassellius
Sipè Entandan, Lekòl Piblik Boston yo

Dat: _____

Akseptè¹:

Jeffrey C. Riley
Komisè Ansèyman Primè ak Segondè

Dat: _____

¹ Anyen nan Plan Amelyorasyon Sistemik sa pa limite okenn otorite, ki gen ladan l otorite legal yo ak otorite reglemantè yo, Department of Elementary and Secondary Education, Board of Elementary and Secondary Education.

Anèks A
Lekòl Transfòmasyon yo

Nan objektif Plan Amelyorasyon Sistemik la, lekòl BPS yo te idantifye kòm yon "Lekòl Transfòmasyon":

Washington Irving Middle School Roslindale²
James P. Timilty Middle School Roxbury³
Madison Park Technical Vocational High School Roxbury
David A. Ellis Elementary School Roxbury
Higginson/Lewis K-8 School Roxbury
Lilla G. Frederick Middle School Dorchester
Brighton High School Brighton
Dearborn STEM Academy Roxbury
Sarah Greenwood K-8 School
Dorchester Young Achievers K-8 School
Mattapan King K-8 School Dorchester
Blackstone Elementary School South End
Community Academy of Science and Health Dorchester
James J. Chittick Elementary School Hyde Park
John D. Philbrick Elementary School Roslindale
Lyon High School Brighton
Mario Umana Academy East Boston
Excel High School South Boston
Orchard Gardens K-8 School
Roxbury
Roger Clap Elementary School Dorchester
Samuel W. Mason Elementary School Roxbury
Edison K-8 School Brighton
Mission Hill K-8 School Jamaica Plain⁴
Curley K-8 School Jamaica Plain
Condon K-8 School South Boston
Charlestown High School Charlestown
English High School Jamaica Plain
TechBoston Academy Dorchester
James W. Hennigan K-8 School Jamaica Plain
Joseph Lee K-8 School Dorchester
Henry Grew Elementary Hyde Park

² Nan 15 Desanm 2021, Boston School Committee nan te vote pou fèmen lekòl Washington Irving Middle School la.

³ Nan 15 Desanm 2021, Boston School Committee nan te vote pou fèmen lekòl James P. Timilty Middle School la.

⁴ Nan dat 5 Me 2022, Boston School Committee nan te vote pou fèmen Mission Hill K-8 School, an vigè 30 Jen 2022.